



**E-HANDOUT MATA KULIAH  
PAKELIRAN GAYA POKOK II**

## **PERTEMUAN KE-2**

**LAKON  
“WAHYU PURBA SEJATI”**  
**(Pathet Nem)**

**PROGRAM STUDI S1-SENI PEDALANGAN  
INSTITUT SENI INDONESIA SURAKARTA**

## **E-HANDOUT MATA KULIAH PRAKTIK PAKELIRAN GAYA POKOK II**

# **LAKON “WAHYU PURBO SEJATI”**

---

**[Ki Mujaka Jakaraharja]**

**Disusun oleh**  
**Tim Dosen Prodi S-1 Seni Pedalangan**

Berisi materi pertemuan ke-dua dalam perkuliahan Mata Kuliah Pakeliran Gaya Pokok II Prodi S-1 Seni Pedalangan ISI Surakarta. Materi yang diberikan ialah Jejer Ageng sampai dengan adegan gapuran-kedhatonan.

## PENGANTAR PERKULIAHAN

**Kemampuan akhir** yang diharapkan melalui perkuliahan ini ialah Mampu memahami tokoh-tokoh wayang dan gendhing yang digunakan dalam praktik PGP II lakon Wahyu Purbo Sejati lingkup pathet nem.

**Materi** yang diberikan dalam pertemuan ini ialah Jejer Ageng sampai dengan adegan gapuran-kedhatonan.

**Pengalaman belajar** yang dilakukan mahasiswa ialah mempraktik-kan Jejer Ageng sampai dengan adegan gapuran-kedhatonan.

**Indikator** dalam keberhasilan perkuliahan ini diukur dari mahasiswa menguasai teknik pakeliran secara mantap dan benar.

**Metode pembelajaran :** menyimak penjelasan dalam video tutorial, membaca e-handout, melihat video contoh, mahasiswa mempraktikkan.

**Penilaian :** kehadiran.

PERTEMUAN  
KE –  
2

## **NASKAH PAKELIRAN GAYA POKOK II LAKON “WAHYU PURBASEJATI”**

### **BAGIAN PATET NEM**

#### **Keterangan:**

- **Gending Ayak-ayakan, tampil Parekan, Kresna, Samba dan Setyaki.**
- **Gending suwuk dilanjutkan gending Karawitan disertai kombangan.**
- **Gending seseg sirep terus Janturan.**

### **JANTURAN JEJER DWARAWATI**

Swuh rep data pitana, hanenggih negari pundi ta kang kaéka hadi dasa purwa. Éka ateges sawiji, hadi linuwih, dasa sepuluh, purwa wiwitan. Sanadyan kathah titahing déwa ingkang kasongan akasa kasangga ing pratiwi kaapit samodra, kathah kang samya anggana raras nanging datan kadi ing nagari Dwarawati, sinebut Dwarakaya Maheralaya.

Sinebut Dwarawati satuhu dadi palawanganing jagad, Dwaraka papan pambuka wenganing rahsa, Maheralaya, mahera sorot laya pati, pranyata dadya pepadhang urip sepisan nganti tekan jaman delahan. Mila kinarya bebukaning carita, ngupaya satus tan antuk kalih sewu tan jangkep sedasa. Pranyata Dwaraka negara kang panjang, punjung, pasir, wukir, loh, jinawi, gemah, ripah, karta, tata, tur raharja.

Panjang: dawa pocapané, punjung: luhur kawibawané, pasir: samodra, wukir: gunung. Tuhu negara kang ngungkuraké paredèn, nengenaken pasabinan, ngéringaken benawi miwah ngayunaken bandaran agung. Loh: subur kang tinandur. Jinawi: mirah kang tinuku. Gemah: para dagang lelayaran lumintir tan ana kendhaté, labet kalis sambékalaning marga. Ripah: janma ingkang sami dedunung salebetung praja katingal jejer apipit, tepung cikit, aben taritis, mila papan jembar katingal rupak saking raharjaning nagari. Karta: para kawula datan kekirangan sandhang boga, tata: racak sami tentrem atiné. Tebih durjana juti tan ana cecengilan céda-cinéda tansah mungkul marang jejibahané. Raharja: tebih parang muka, miwah para mantri bupati kang samya bijaksana, limpat ing kawruh putus wajib pangolahing praja sarta tansah hambudi daya mrih wewahing kaluhuraning nata.

Temah Dwarawati wenang sinebut padhang jagadé, jero tancebé, dhuwur kukusé, adoh kuncarané. Dhasar amba jajahané, boten ngémungaken kanan kering, ngantos dumugi jawining rangkah kathah para raja narpati ingkang sami nungkul datan sarana ginebag ing prang, labet kayungyun pepoyaning kautaman, bebasan kang tebih manglung, celak mantiyung ing ri kalamangsa asok glondhong pengarèng-areng, pèni-pèni, guru bakal guru dadi.

Mangkana jejuluking sang nata. Naréndra ing Dwarawati jejuluk prabu Sri Bathara Kresna, Padmanaba, Késawa, Danardana, Janardana, Narayana, Wasudéwa, Harimurti, Wisnumurti. Hamila jejuluk **Sri Bathara Kresna**: labet cemeng sarirané trus balung sungsum ludirané, upama sesotya kena kinarya sarana Sri Kresna dadya jayaning Pandhawa. **Padmanaba**: ateges sekar sumorot, nyata sang nata hanggadhuh wijaya kusuma panguripe wong sabumi. **Késawa**: ateges panah linuwih, lamun wus winatég mantram triwikramané bisa awarna kalamartyu saharga siwi gengé. **Danardana**: tan kendhat dènira paring dana, lumintu yayah ilining narmada. **Janardana**: wong sugih dadi saciptané, ana kang sinedya, teka kang kinarsakaké. **Narayana**: tukang damel pepadhang. **Wasudéwa**: dadi warananing déwa. **Harimurti**: pinter manjing ajur-ajèr. **Wisnumurti**: tuhu Wisnu sawantah. Sang Hyang Wisnu panitisé binelah dados kalih, manjing Sri Kresna lan Arjuna, upama kembang lan sariné, geni lan urubé sarta madu lan manisé.

Kontab kautamaning katong labet hanetepi bérbudi bawa leksana. Bérbudi tansah hanggeganjar sarta ngawula wisudha, katitik anggung paring sandhang wong kawudan, awèh pangan wong kaluwèn, asung payung wong kodanan, paring teken wong kalunyon, karya sukaning kang nandhang prihatin,

amaluyakaken wong sakit. Déné bawaleksana hanetepi pangandika kang wus kawijil.

Miwah lampahing pengadilan nindakaken, sama, béda, dana, dhendha. Liré lampah dana wesiasat, sayekti wus tan buhu kapiné, yèn wus leresé kapidana tan tolih kadang garwa lan sentana, ugi kapatrapan wewaton jejeging pangadilan. Kawimbuhan miguna ingaguna, luhur tan hangungkuli andhap tan kena kaungkulon. Marma katon mancorong prabané, sesotya bludiré tan kena pinidak wewayangané. Dhasar sinihan ing déwa kinamulan pra widadari kinacèk sesamaning titah.

Tinutukna wiaring jajahan miyah pambeganing nata tuhu tan ana pedhoté. Nuju ri sajuga sang nata miyos tinangkil ing sitinggil banaturata lenggah dhampar dhenta pinalipit kencana pinathik kumala, lelémèk kasur babut prang wedani sinebaran sari-sari, ginanda wida jebat kasturi temah kongas hangambar prapteng pangurakan. Ginarebeg biyada manggung-ketanggung, emban cèthi, jaka palara-lara miyah pawongan ingkang ngampil upacara; banyak dhalang sawung galing harda walika, kendhi pratala miyah dwipangga kang sarwa kencana. Ugi kinebutan lar badhak munggwing kanan kéring, temah sirna kamanungsané yayah sang Hyang Wisnu hangéjawantah.

Rep sidhem premanem, tan ana sabawané walang alisik, ron-ronan tan ébah samirana datan lumampah, hamung kapireng swantening ocèh-ocèhan ing saluhuring waringin, binarung swantening kriya pandhé gendhing, gemblak myang kemasan ingkang hanambut karyaning ratu, kapiyarsa ting carengklang ting carengkling imbal ganti lir mandaraga, datan saru malah amewahi asrinining paséwakan.

Déné ingkang kepareng hangadhep, lah ta punika putra Nata, satriya ing Paranggarudha kekasih Radèn Samba, ya Wisnubrata. Bagus warnané mbranyak pasemoné, wasis yèn micara, limpat pasang ing grahita, dhasar bangkit leladi keparenging nata, marma hanggung cinaket siang ratri. Sinambung ing wuntat pasébaning satriya ing Swalabumi, kekasih Radèn Setyaki, ya Singamulangjaya, Wresniwira, Warsiniputra, Tambakyuda, Bimakunthing, ya Yuyudana. Tuhu dadi gul-aguling praja, marma hanggung ginala-gala ing agulik.

Ing paséban jawi andhèr para bupati, nayakaning praja miwah kang sami suméwa, tan anggothangaken paséban, nganti kaya ndhoyong-ndoyongna pancaksujining alun-alun, ingkang tinindhahan Rekyana Patih Udawa ya Sang Kresnèngkara.

Ing alun-alun pepanjen umbul-umbul bandera lelayu, payung agung bawat tinon hangendhanu pindha mendhung.

Ing pagedhongan Sang nata, tansah menggalih tumrap tata raha janing praja miwah kamulyaning para kawula. Dupi mulat para nayakaning praja wus padha sumahap mangarsa, sigra-sigra sang nata murwani micara.

### **Keterangan:**

- **Gending udar inggah ladrang, kombangan, suwuk, Patetan Nem Ageng, dialog.**

### **Ginem :**

### **KRESNA:**

Kulup Samba , apa ora dadi guguping atinira, sira ingsun piji marak mangarsa?

### **SAMBA:**

Kawula nuwun, sareng tampi dhawuh timbalanipun Kanjeng Dewaji, sanget guguping manah. Nalika wonten ing jawi raosing manah kados sinamber gelap lepat, tinubruk mong tuna, upami sumerep gebyaring caleret boten mangertos dhawahing gelap. Dahat kumepyur kados panjang putra dhumawahing sela kumalasa, upami kambengan salamba kapanjer madyaning alun-alun katiyubing samirana sakalangkung kumejot kumitir carub mor maras. Nanging sareng dumugi ngarsanipun Kanjeng Dewaji, asreping manah pindha siniram ing tirta marta, kawula nuwun, nuwun.

**KRESNA:**

Kulup, apa darunane dene sira darbe atur kang mangkono?

**SAMBA:**

Kawula nuwun, nalika wonten ing njawi sumelaning manah, sareng wonten ing ngarsanipun Kanjeng Dewaji datan darbe raos maras, upami pun Samba nandhangga dosa, kanjeng dewaji ingkang pantes paring pidana. Sampun ingkang siang, sanadyan ing wanci dalu pejah gesang kawula sumangga ing asta kekalih, tembung tadhah wadana, suka kakurepna ing abahan, kapanduka warastraa ingkang lungit, kawula nuwun, nuwun.

**KRESNA:**

Kulup, kajeron panampa kaya wong nandhang dedosan, ngaturake pati urip. Iya sadurung lan sawise banget ing panarimaningsun awit anggonira hanjunjung kapraboningsun. Ana bebasan sagalak-galake sardula ora kolu mangsa marang gogore dhewe. Apa maneh panjenenganingsun kaya durung tahu hangukum wong kang tanpa dosa. Sapa ta kang kawogan ing Praja Dwarawati, pantes ngobori pepeteng, hambabati rerungkut, kajaba amung sira. Marma haywa kaduk ati bela panampa, aja katenta ingsun pijii nampani ganjaran mas

sesotya sarwa retna, myang busana edi endah, ora pisan bebasan adoh lintang waluku sinawat ing balang kayu, cepak cupete, tanggeh kenane.

### **SAMBA:**

Kawula nuwun, sadrahing angin pinara sapta, sarikma pinara sasra, yen tilema boten supena, kula hangajeng-ajeng ganjaran. Tebih sampun tuwuk, celak malah boten kuwawi nampi, ingkang prasasat boten wonten kendhatipun pindha ilinining narmada. Boten langkung kawula hamung nyenyadhang dhawuhing nata, suka kakarsakna nggayuh ingkang tebih, ngrangsang ingkang inggil, kawula nuwun-nuwun.

### **KRESNA:**

Iya kulup ndadekake bombong rasaning tyas pun bapa.Kulup Samba, kajaba saka iku paran pawartane para wadyabala, para kawula ing karang padesan apa kabeh padha raharja?

### **SAMBA:**

Kawula nuwun kanjeng dewaji, kawontenaning para wadyabala boten wonten ingkang sami pasulayan, sadaya samya sayuk rukun sahiyeg saeka kapti, sirna ingkang lampah cecengilan. Wontenipun mong-kinemong, bantu-binantu, mila sadaya

pakaryaning praja saged tulus lampahipun. Semanten ugi para kawula ing padhusunan sami karaharjan, tulus ingkang tinandur, sempulur panggesanganipun sampun boten kirang boga tuwin wastra.

**Keterangan: Pathetan Nem Jugag, Laras Slendro Patet Nem dilanjutkan dialog**

**KRESNA:**

Kulup Samba lan dhimas Setyaki, seje kang sun rembug kawruhana, yektine nadyan adegging Praja Dwarawati wus kasusra, kuncara, mung wae lamun sun rasa kadya datan mantra-mantra sampurna, luhur, miwah wibawane. Nadyan ingsun wus sembada angayomi para kawula, nanging titi mangsa iki kaya kasurung keketeging rasa tansah kepengin amulat lekasing kanjeng rama swargi Prabu Basudewa ing reh pangembat panataning adil sarta wimbuhing katentreman.

**SAMBA:**

Dhuh Kanjeng Dewaji, kaluhuran dhawuh paduka, singit wingiting pangaribawanipun Kanjeng Eyang Prabu Basudewa pranyata kalangkung, katanda sahingga ing mangke goteking akathah tansah angluhuraken asmanipun kanjeng eyang swargi.

**SETYAKI:**

Kaka Prabu, kaluhuran aturipun anakmas Paranggarudha. Namung emanipun nalika samanten rumaos kula dereng tutuk anggenipun Wa Prabu Basudewa ngasta pusaraning praja, kaselak sampaun ngrumiyini kondur wonten ing kasidan jati kaka prabu.

**Keterangan:**

- **Suluk Sendhon Pananggalan, Kresna sampir manggaran, iringan menjadi Ayak-ayakan, sirep janturan.**

Reg-horeg gedering pasewakan solahing janma kaya gabah den interi, pyak ngarsa tangkeb ing wuri, pating bleber kaya jebug sinebaraken. Wiwit pangurakan dumugi alun-alun saloring waringin sengkeran katon bleduk mangampak-ampak kadya kukusing sendhawa, salah tarka kinira ana parangmuka kang anempuh. Kang samya sumewa pating kalesik pating kaleset sami sabawa. Tanggap Sang Nindyamantri mandhap saking sitibentar sigra anitipriksa kang akarya gedering pasewakan.

**Keterangan:**

- **Dhodhogan singget, , menjadi irama dadi, janturan.**

Lejar ironing penggalih Sang Nindyamantri dupi uninga nalendra Mandura Prabu Baladewa ingkang prapta, sigra munggah ing sitinggil unjuk uninga mring sang katong.

**Keterangan:**

- **Gending udhar, Udawa tampil, suwuk, dialog**

**KRESNA:**

Udawa, apa kang gawe gedering pasewakan. Apa ana jaran ngerap pandengan. Liman medhot wantilan, macan babal saka krangkeng?

**UDAWA:**

Kawula nuwun, satuhu boten wonten kelangenan paduka ingkang miruda, kawuningana menawi ingkang damel gedering pasewakan punika raka paduka sinuwun ing Mandura ingkang rawuh.

**KRESNA:**

I ya jagad Dewa Bathara. Kaya ana sulak pepadhang rawuhe kakaprabu. Kulup Samba. Mara age aturana wak ira ing Mandura laju munggah ing sitinggil.

**SAMBA:**

Kawula nuwun inggih sendika.

### **Keterangan:**

- **Pathetan Nem Jugag, Samba dan Udawa dientas, dilanjutkan pocapan**

### **Pocapan**

Mangkana Raden Samba sigra mangsah atur sembah, laju ngaturaken sadaya pangandikaning kang rama. Suka marwata suta tyase Prabu Baladewa dupi ingaturan minggah ing sitinggil. Sumengkaning wardaya yayah hanyabrang samodra.

### **Keterangan :**

- **Gending Ldr.Sobrang, Seseg, Baladewa tampil berpelukan dengan kresna. Gending sirep, dialog.**

### **BALADEWA:**

Yayi prabu, haywa kagyat rakapara kang prapta.

### **KRESNA:**

Kakaprabu, ndadosaken bombonging manah rawuh paduka wonten ing Dwarawati sasat jawata ngejawantah.

### **BALADEWA:**

I ha, ha, ha. Semono uga rakapara, sukaning tyas tanpa pepindhan, dene yayi prabu mangguh basuki winantu ing kamulyan.

## **KRESNA:**

Sadaya kalawau awit saking pangestunipun kakaprabu.  
Suwawi kakaprabu kula dherekaken lenggah ingkang prayogi.

### **Keterangan :**

- **Gending udar, Samba dan setyaki tampil. Gending seseg sirep, janturan.**

Wus satata lenggah sri narendra kekalih samya senen-sinenenan. Senene nata ing Dwarawati pindha kencana sinangling. Senene nata ing Mandura yayah swasa binabar. Tinon saking mandrawa prasasat Sang Hyang Bathara Wisnu papanggihan kaliyan Sang Hyang Bathara Brahma arsa maluya bumi.

Tambuh-tambuh sang nata mulat praptaning kang raka, sajak wonten prekawis kang wigati. Bawane narendra kang wicaksana kang datan kewran ing saniskara.

Tidhem kang samya sumewa tan ana kang nglucita labet kaprabawan dayaning narendra kekalih.

### **Keterangan:**

- **Gending udhar, suwuk, Pathetan nem wantah, dialog.**

## **KRESNA:**

Kaka prabu, dèrèng dangu rawuh paduka, kula ngaturaken pasegahan panakrama, konjuk ing sahandhap pepada paduka.

### **BALADÉWA:**

Iii ... hla dala ... lya yayi, dak tampa tangan loro, kapetekaké ing pranaja, sumusupa ing wardaya manjing rah daging, amimbuhana kayuwanané pun kakang. Hamung pudystutiningsun tumrapa yayi prabu.

### **KRESNA:**

Dahat kalingga murda, pangastutining kaka prabu sageda amewahi bawa leksana ri paduka.

Kaka prabu, rawuh paduka satuhu adamel agenging manah tanpa upami. Anempuh bebasan, yayah lumampah ing wanci panglong kapapak obor sèwu. Labet rawuh paduka prasasat kanjeng rama ingkang sampun lenggah ing tepet suci, kepareng ngéjawantah nedya haparing pepadhang mring ri paduka.

### **BALADÉWA:**

I I I, Hla dala, ha ha ha ha ha, babar pisan ora ngira menawa praptaning pun kakang akarya suka renaning tyas yayi prabu.

### **KRESNA:**

Rehning sampun aring kanang huswa sarta asating reriwé, daya-daya nyuwun katrangan, déné rawuh paduka kawistingal sumengka pangawak bajra, menawi tanpa sangsaya sarta kénging kawedar ing akathah, mugi keparenga paring dhawuh, ‘ri paduka tansah nganglungaken jangga nilingaken karna.

### **BALADÉWA:**

Yayi prabu, yèn ingsun rasa temah saya karasa, yèn digagas saya hangranuhi. Duk ratrining sukra mancawarna, jroning layap ing ngaluyup, pun kakang miyarsa suara kang tanpa wujud, kang isine, bisa pinardawa kamulyaningsun, kalamun bisa hamundhi kanugrahan Wahyu PURBA SEJATI, ingkang bakal tumurun anèng Astana Gadamedana. Yayi prabu, kang mangkono iku klebu warsitaning déwa apa mung sabab tuwuhan saka mungkaring pancadriya ingkang kasurung adrenging hawa napsu. Hé yayi, pun kakang ora lingsem, pancèn prakara iki dakrumangsani kurang pratitis. Mula aja nganti grusa-grusu dimèn ora kasluru, yayi prabu keparenga paring katrangan.

### **KRESNA:**

Jagad déwa bathara ya jagad pangèstungkara ... Kaka prabu, boten nama rebah-rebah pisang ingkang sampun kadhwuhaken. Èstunipun ‘ri paduka inggih mentas nampi

wisik cundhuk ingkang paduka dhawuhaken dhasar nunggil wanci nalika ratrining Sukra mancawarna. Saking panginten kula nyata punika dhawuhing déwa ingkang satuhu badhé hambabar kanugrahan.

### **BALADÉWA:**

I lha dala, Yayi prabu kadangé pun kakang, rumangsa lega atiku, wiwit mungkasi pangandikaning yayi prabu samendhang datan karempit. Malah babar pisan pun kakang minta pituduh, paran prayogané laku murih hambabar padhang jingglang ingkang kasandhang.

### **KRESNA:**

Mugi wonten parenging galih, paduka kaka prabu kula dhèrèkaken tetinjo mring Astana Gadamadana, kejawi mulyakaken candhining sawargi rama prabu ugi lajeng dhedhagan ing mriku.

### **BALADÉWA:**

Hiya yayi, kang mangkono dhapur kapasang yogya dhasaré wis sawetara pun kakang ora sowan ana candhining rama prabu. Panjalukku marang yayi prabu, adhimu Bratajaya kanthiné, kajaba dimèn mèlu tumandang nggoné bakal mulyakaké candhining rama prabu, ngiras pantes supaya ngerti

carané dhedhagan, pamrihé aja nganti ketungkul nggoné ngrasakaké kamuktèn, sukur bisa antuk nugraha kang bakal tumurun.

**KRESNA:**

Inggih kaka prabu, 'ri paduka dahat rumojong kepareng paduka. Salajengipun cumadhong dhawuh, bénjang punapa keparengipun bidhal?

**BALADÉWA:**

Ora kétang peteng sambung obor, bésuk ngentèni apa? Dina iki ana lilaning atimu dakkanti budhal.

**KRESNA:**

Sendika ngèstokaken dhawuh, namung sakdèrèngipun kaka prabu kula dhèrèkaken kondur dhatulaya, kejawi pinanggih yayi ratu saketiganipun, kula kepéngin ndhèrèkaken paduka kaka prabu sakwetawis kembul bujana.

**BALADÉWA:**

Yayi, labet saka notoling rasaku daya-daya kepengin sapatemon klawan sentananing praja Dwarawati, marma kang

gedhe ing pangapura, paripaksa ora mituruti, malah kapara minta pamit.

**KRESNA:**

Inggih kaka prabu makaten kados langkung prayogi, ri paduka sawatawis badhé tata-tata, sarta anganthi ingkang rayi Bratajaya.

**BALADÉWA:**

Hiya yayi.

**Keterangan:**

- Ada-ada Girisa, Samba dan Setyaki dientas. Baladewa dientas diantar Kresna terus tancep. Samba dan Setyaki tampil, dialog.

**KRESNA:**

Kulup, Samba.

**SAMBA:**

Nuwun kula wonten dhawuh, rama déwaji animbalii putra paduka ing Paranggarudha.

**KRESNA:**

Pangiraku, ora tumpang suh nggonira mirengaké ingsun imbal pangandikan lawan kaka prabu.

**SAMBA:**

Inggih rama, putra paduka cumadhong dhawuh, jejibahan punapa ingkang kedah kula sangkul?

**KRESNA:**

Pundhutna pamit marang kakang Patih Hudawa, sarta kinèn rumeksa katentremaning praja, awit ora bisa netepaké kapan konduringsun.

**SAMBA:**

Sendika ngèstokaken dhawuh. Punapa ingkang putra boten rinilan humiring paduka rama déwaji?

**KRESNA:**

Sira kang dakpasrahi hamakili lenggah siniwaka samangsa jengkaringsun.

**SAMBA:**

Nuwun inggih sendika, boten suwala angemban dhawuh.  
Amung pangèstu paduka ingkang kula suwun, mrih hambabar  
kayuwananing Praja Dwarawati.

**KRESNA:**

Hiya Samba. Aja nganti pegat kaprayitnan lahir lan batin.  
Dhimas Setyaki!

**SETYAKI:**

Kawula nuwun, wonten dhawuh punapa hamiji 'ri paduka  
Swalabumi.

**KRESNA:**

Tumuli tata-tataa si adhi dakkanthi, sarta dhawuhna para  
wadya, kinèn nguntapaké pun kakang umiring kaka prabu  
tedhak mring Gadamadana. Sakpéranjan wadya rumeksa  
praja, ingkang sakgolongan kanthinan teka njaban kutha,  
kajaba asung pakurmatan, ngiras pajang pesisiran aniti bawah,  
aja nganti ana pakartining liyan kang hambebidho api rowang.

**SETYAKI:**

Prastawa dhawuh paduka, boten kirang trawaca anggèn kula  
midhangetaken, purwa madya wasana sampun kacakup. 'Ri  
paduka amit madal pasilan nyuwun pangèstu.

**KRESNA:**

Hiya yayi, deduga lan prayoga kudu tansah digawa, wewékané aja lali, kang mangkono bakal bakal aweh katentreman.

**SETYAKI:**

Sendika amundi dhawuh.

**KRESNA:**

Ngiras pantes bubarna kang padha tinangkil, pun kakang kondur dhatulaya, handhèrèkaké kaka prabu ing Mandura.

**Keterangan:**

- **Dhodhogan Tetegan Terus singget, pocapan.**

**POCAPAN**

Risaksana duk ing mangke, wus telas pangandikaning nata, yayah wé kresna tumètès ing delancang seta, tuhu tan barébah. Sang nata arsa kondur dhatulaya, gya sasmita mring emban cèthi lan pawongan ingkang angampil upacara nata. Tindaké sang nata akarya horeging panangkilan, lamun cinadra yayah temanten binayang-bayang karé.

**Keterangan:**

- **Gendhing Ayak-ayakan, Kresna, Parekan, Samba dan Setyaki dientas. Tampil Samba dan setyaki kemudian satu persatu.**
- **Suasana kayon, tampil kresna dan parekan. Gending Ayak Panjangmas, sirep janturan.**

## JANTURAN

Sebet byar katalika wau, sri narendra kondur hangedhaton, tindak macan lupa, lembahan merak kesimpir, riyak gajah ngoling, prapta sangajenging gapura ngungkuraken warana.

Pantes sri narendra yen nuju siniwaka ngagem busana keprabon, jejamang mas sungsun tiga, linut kumala kinancingan garudha marep mungkur, utah-utahaning garudha pinetha segara muncar, sinangga praba kencana. Sumping parumbing rineka gegubahan soreng pati. Anting retna pinathik ing kumala sangsangan bandhuwara harja badhong giwangkara. Ulur-ulur naga karangrang dawala ngiras tetali. Bebinggel kencana winangun calumpringan, sinangga gelang kana ginosok, sesupe tajuk sakembaran. Manggaran sembulihan sumampir warangka ladrang, ukiran nunggak semi sinasotya, kandelan kemalon rekta, dhuwung tinatah tinatu renga, tinaretes ing sesotya. Pantes sri naranata yen nuju siniwaka ngagem dodot parangrusak barong kang pinarada, calana cindhe pusrita ukup renda gubeg, uncal kencana uncal wastra, akekroncong sarpa raja kencana kang kinarya, pantes

ngagem canela ingkang pinathik ing sesotya. Mubyar sinongsongan kertas jene pinarada byur.

Den ayap bedhaya srimpi, manggung ketanggung kang ngampil upacara nata, jinajaran biyada parekan, jika palara-lara kalih lajur sisih, ingkang anom dhasare ayu-ayu warnane, endah edi busanane, mandhul-mandhul payudarane, sapekak madyane, sajari miring tapake, pantes yen akarya lara branta. Sirna sipating titah kadya Sang Hyang Sambu mangejawantah ginarebeg para hapsara-hapsari. Prapta ngajenging gapura, kendel mriksani rerengganing gapura kinarya ngicali rentenging wardaya.

Kocap, gapura gedhene upama wukir Mahameru, dhuwure ngungkuli pucang lan tirisan. Pucaking gapura sinung mirah sapuh jenggi gedhene, rebut praba lan Sang Hyang Pratanggapi pindha surya kembar ing dharatan. Siraping gapura parunggusari adeg-adeg wesi balitung, talundhak akik bang jejobinan, tebeng tembaga rinajawerdi pindha kaluwung hangemu toya, kawutahake marang kedhaton. Ineping gapura kaca gedhah binuwang rasane ing jero cinorek gambar lanang lawan wadon. Kang lanang gambare Bathara Kamajaya, ingkang wadon gambare Bathari Ratih. Yen menga kadi bedhang semayan lamun minep pindha penganten apepasihan. Kanan keringing gapura rineka alas-alasan sinung buron wana, pinulas rinajawerdi, tinon saking mandrawa pindha

kidang menjangan satuhu. Pipining gapura sinung gupala sakembaran ingawak-awakan parunggusari, rinambutan pamor, binrengosan kawat, minatan kumala, ingilat-ilatan mas jingga, untu jatha salaka menur, grana jinara trusing karna, ingingonan bremara lan bremari, cinepengan gada lawan bindhi. Yen pinuju menga mineping dwara, mbrengengenging kombang lanang lan wadon, pindha panggerenging yaksa arsa nubruk. Yen kang nembe uninga boten mastani gupala, yekti sinengguh Cingkara bala-Balaupata kang nengga korining Selamatangkep.

Dhasar kraton Dwarawati papan gasik waradin ana toya wening tinalang winutahaken marang kedhaton, utahe pinara-para kinarya padusan para kenya. Yen nuju hari Respati wanci sabibaring pasewakan, ilining toya arum angambar gandane, awit kalunturan layoning sekar ukeling para kenya kang padha kentir ing warih, satemah salebeting kedhaton tan ana ganda kang anguciwani. Ingkang kinarya karikiling palataran, sinebaran nila lawan pakaja, mila yen sinampar lampahing para cethi katon pating galebyar pindha kartika asilih pernah. Katelah dalah samangke kadhaton Dwarawati tan kantenan siyang ratrinira, saking kathahing sesotya miwah retna ingkang kinarya rerengganing kedhaton. Yen wengi padhange kaya rahina, yen rahina sangsaya hanelahi. Apa ta kang kinarya tetengering siyang ratri, wonten kalangenaning nata aran peksi

jiwa-jiwa sajodho, yen sami saba pratandha antaraning rahina, yen sami minggah ajejodhohan antaraning ratri, dadya wong sajroning kedhaton namung anut laku jantraning manuk, minangka tetengeraning siyang ratri.

Mangkana srinata wus paring sasmita marang para kenyia ingkang sami hanjalari, kinen manjing dhatulaya.

#### **Keterangan:**

- **Gending Ayak-ayakan, Kresna dan parekan dientas. Suasana kayon, gending suwuk, pocapan.**

### **POCAPAN**

Lah ing kana ta wau lulus raharja tindaking Sri Nata, datan cinatur lampahé, nengna genti caritané, ora kaya Sri Supatniwara kepati denya anganti konduring sang katong.

#### **Keterangan:**

- **Gending Larasati, tampil Limbuk, Cangik, Rukmini, Setyaboma dan Jembawati. Gending sirep, janturan.**

### **JANTURAN KADHATONAN**

Wauta ingkang wonten paningrating prabasuyasa, hanenggih garwa pramèswarining nata, putri Gadamacana ingkang sesilih Dèwi Jembawati. Tuhu wanita ingkang sulistya ing warni, wiwit jejempoling ampéyan ngantos pucaking rikma datan ana ingkang kuciwa, wimbuhan teng jatmika merak ati, susila hanuraga bangkit ngénaki tyasing sasama. Déné

ingkang hanjajari lenggah, lah ta punika raja putri saking Kumbina atmaja Prabu Bismaka, sesilih Dèwi Rukmini. Dhasar putra nata kagarwa naréndra, limpat pasanging grahita, wimbuh susila tyasé ngumala, hanyembuh sulistyaning warna.

Ingkang lenggah kapéring wuntat, tuhu raja putri ing Lésanpura atmaja sang Prabu Setyajid, awasta Dèwi Setyaboma. Kasulistyaning sang dyah hayu, hangungkuli mantasaning waranggana ing Kaéndran. Wadana sumilak yayah purnama sidhi, galak ulat raga karana, nétra blalak kocak awening yayah lintang panjer rina, èsem ngujiwat lir anjawat, gonas-ganès wicarané, wiraga trègèl datan ngutowatosi.

Utamané garwa sakatiganira datan naté suwalèng kayun, tansah rumeksa kaluhuraning nata, satemah hamewahi kuncaraning praja. Nalika samana, para garwa tansah hanganti konduring nata, tan kendhat ngroncé sekar gambir myang melathi kinarya sang-sanganing sang katong.

### **Keterangan:**

- **Gending udar terus inggah, Jembowati Cs. dientas. Tampil Jembowati dengan Kresna tancep berhadap-hadapan, disusul yang lain. Gending suwuk, dilanjutkan Pathet Manyura Ageng, dialog.**

### **JEMBAWATI:**

Sinuwun, sawetawis randhat anggèn paduka kondur ngadhaton. Manawi tanpa sangsaya miwah boten dados wawadining praja, kaparenga garwa paduka nyuwun katrangan wigatining panangkilan.

### **KRESNA:**

Yayi ratu, sanadyan wewadining praja pisan, labet yayi ratu iku tetimbanganingsun, ora ana alané ngawuningani. Yayi kawruhana, rawuhing kaka prabu Baladewa, mengku karsa hanganthi pun kakang tedhak mring pasaréyané sawargi rama prabu ing Astana Gadamadana, kajaba bakal mulyakaké candhining rama prabu, ngiras pantes dhedhagan ing kono. Marga déwa bakal nurunaké kanugrahan kang sinebut Wahyu Purba Sejati, ora ana kang dakdhawuhi ndhèrèk kajaba kadangmu ing Banoncinawi. Ya mung pamujimu garwa sakateluné kang dakpundhut, bisañé tumuli antuk kanugrahan.

### **JEMBAWATI:**

Inggih sinuwun, nadyan kadereng ing manah, kepéngin umiring paduka mring Gadamadana, éwa samanten boten suwala ngemban dhawuh paduka.

### **RUKMINI:**

Inggih sinuwun, sapengker paduka, kula tansah ndhèrèk cegah dhahar miwah guling, murih bangkit mundhi kanugrahan.

### **SETYABOMA:**

Nadyan kula inggih makaten sinuwun.

### **Keterangan:**

- **Sendhon Kloloran, Kresna dan Jembowati** dientas diikuti **Rukmini, Setyaboma, parekan. Cangik dan Limbuk** tancep, dialog.

### **CANGIK:**

‘Ndhuk anakku ‘cah ayu, wiwit mau daksawang kok sajak kaya wong nggumun nyawang gustimu ingkang sinuwun gegandhèngan karo kanjeng ratu.

### **LIMBUK:**

‘Yung, iba kaya ngapa kamulyaning jejodhoan yèn bisa kaya gustimu, garwa telu dadi siji kathik ora tau padu, béda timen karo ‘sergi bapak karo kowé sak-élingku ora tau akur, saben dina kerep-kerepé regejegan. Apik-apiké semon-semonan, bot-boté aku mbiyèn iijh cilik baé nganti keri kipingku.

### **CANGIK:**

o.o... anakku nggèr, mula yèn kowé arep dipèk wong lanang aja nganti wong sing kaya bapakmu.

**LIMBUK:**

Lha piyé ta 'yung?

**CANGIK:**

Sing 'isa rukun waé piyé. Lha wong swargi bapakmu kuwi kayané mung sithik, blanjané ora mingsra, dhasar usahané kurang, mula ora mokal yèn saben dinané tansah comprèng, mangka karemané bapakmu kudu dicepaki sarwa énak. Wédangé kudu kenthal, gulané ngarani gula batu, udud nèk ora énak emoh, mangkono waé yèn bengi ora tau saba ngomah, alesané néka-néka. Endi sing selak nyang nggoné kancané, endi sing rondha. Apa mèmper ana rondha kok nganti byar, bareng mulih sikuté tatu klasa.

**LIMBUK:**

'Yung, kira-kira kabèh mau pangiraku dudu luputé bapak dhéwé.

**CANGIK:**

Nalaré, arep ngéwangi bapakmu 'pa piyé?

**LIMBUK:**

Ora kok arep éwang-éwangan, marga bebrayan kuwi mau bisané tentrem yèn wis padha-padha trimané, marga ngrumangsani manungsa mung sadrema, ngono mau ngendikané para sepuh sing tau tak krungu. Pincanging bebrayan marga padha ngugemi beneré dhéwé, lha kuwi sing dadi racun, bareng kabèh wis rumangsa bener tundhoné malah padu.

### **CANGIK:**

Tak trima ya nggèèr... déné kowé bisa mejang mbokmu. Oo ... 'ndhuk kowé kuwi mung lagi bisa ngomong, jajal nèk wis nglakoni kaya aku, anggepé, 'cah saiki 'wé, mulang wong tua.

### **LIMBUK:**

Aja kliru tampa 'yung, ora kok mulang, nanging pétungku kejaba dhawuhé para pinter kang dakcocoke karo kahanan kiwa tengen, anané wong lanang sok ora jénak ana ngomah, marga bisa uga kahanan ing ngomah ora nyenengké. Upamané, omah sing njembrung ora tumata, pangan ora krasa enak, mangkono waé saben dina ora tau éntuk ulat padhang.

### **CANGIK:**

Karang wong ora duwé apa-apa, yèn 'kon ladèn néka-néka saya mawut.

## **LIMBUK:**

Lha ya neng kono kuwi, sing marakaké ora bisa akur. Hla wong pangan sing énak kuwi ora kudu tahu témpé iwak nadyan mung pecel mbayung, yèn carané ngolah pinter, krasa legi asiné; tak kira wis dadi pemarem.

## **CANGIK:**

Hiya dhing 'nggèr, bener kowé. Nyatané 'pakmu cilik kaé ya mlarat, 'ning kok ora tau padu. Marga 'mbokmu cilik kaé nadyan ala wujudé 'ning resikan, rigen lan sregep tumandang, tur olah-olahané énak. Wis ndhuk, aja kesuwen mundhak didukani kanjeng sinuwun.

## **LIMBUK:**

Ya yung tak derekake.

## **Keterangan:**

- **Ada-ada Padupan (Girisa Jugag) Cangik dan limruk dientas, pocapan.**

## **POCAPAN PADUPAN**

Wauta sang nata kèndel sawatawis ing madyantara, gya sedhakep suku juga ngeningaken panca-hindriya nutupi babahan hawa sanga. Panca-hindriya, panca ateges lima, driya

daya nuting gesang. Pineper obahing kanepson, binérat kang catur prakawis, sawiji kang kahèsthi, muhung amawas pucuking grana kusika manjing kang bajra-hérawana, dupi wus sirna wewayanganira tandha kaidèn semediné, katitik sumawur kang riris ganda arum amrik angambar, temah katon cahya mancorong sak mrice binubut, dupi kakedhèpaken sirna ing pandulu. Dadya kacaryan ing galih sang prabu Bathara Kresna.

Sinigeg kang anèng pura, wauta sang prabu Baladéwa kang dahat oneng ing ‘nggalih dènirarsa pinanggya sentana Dwarawati. Marma nya miyos ing paséban jawi, animbali sentananing praja kang racak kawentar kautamané.

### Keterangan:

- **Gending Kedhatonbentar, Tampil Baladewa, Samba, Setyaki, Pragota, Prebawa dan Udawa. Gending sirep, janturan.**

## JANTURAN PASÉBAN JAWI

Hanenggih punika ta wong agung Mandura Sang Prabu Baladéwa ya Balarama, Kusumawalikita, Kakrasana, Karsana, ya sang Jaladara. Nyata naréndra gung binathara, dhasar sembada gagah prakosa, mumpuni ing aguna, putus rèh ing praja, kawimbuhan sekti mandra guna sembada wirotama, pilih tandhing boboting aprang.

Samana sang nata lenggah ing bangsal pengrawit sarwi hanimbali sentananing praja miwah sagung nayakaning nagari, hambalabar yayah segara rob ing dharatan. Déné ingkang lenggah cinaket lah ta punika satriya Paranggarudha kekasih Radèn Samba, sinambung pisowane satriya Swalabumi Radèn Setyaki kekasihé.

Ingkang hamarikelu yayah konjem bantala wadanané, tuhu sang Rekyan patih Hudawa ya sang Kresnèngkara. Warangkaning Nata Dwarawati tekun dènira hangayahi jejibahan, kebak ing kaprayitnaning lahir batin. Mila kinasihan sang nata sarta kinéringan para nayaka sinuyutan kawula dasih. Dene kang ngaglah, nenggih punika warangka ing Mandura Patih Pragota wastané. Nadyan kaduk gecul marucul, labet pinter laladi ing rèh kaparenging nata, mila kinasih dening wong agung Mandura, kapara bangkit akarya lilihing nala samangsa sang nata nuju kabranang ing penggalih. Ugi datan kantun ingkang hangembani sang nata nama pun Emban Sura-Prabawa.

Dipi sang nata uninga kèhing wadya kang sami suméwa mangkana wahyaning pangandika.

### Keterangan:

- **Gending udar, Ada-ada Paseban jaba (Girisa Semarangan) dialog.**

## **BALADÉWA:**

Hé kabèh sentananing praja sarta para nayakaning nagara, gedhé cilik tuwa anom ora ana kang dak arani, aja padha kagèt atimu daktimbali nyaket ing ngarsananingsun. Kawruhana, awit karsaningsun kang wus disarujuki lawan kaparenging yayi Prabu Sri Bathara Kresna, titi mangsa iki jenengingsun nedya tedhak mring Gadamacana, èsthining tiyas tan lyan kepéngin mulyakaké candhining sawarga rama Prabu Basudéwa kang wus jinempana ing angin cinandhi ngawiyat dumunung ing tepet-suci. Satemené kajaba mulyakaké candhining rama prabu, ana babagan kang ora kena kababar ing akèh. Ya mung kabèh para wadya supaya nggedhèkaké kawaspadan, amarga nagara kang tinilar ratu gustiné anempuh bebasan “kataman lara ayu”. Surasané sithik kang ngungkuraké nanging akèh kang hangayunaké. Mula aja kendhat anggonmu tansah maspadakaké jaba-jeroning kutha tumeka ing désangadésa, aja nganti ana pakartining liyan nedya mbidhung api rowang. Kang pinter gawé cara aja nganti ana para kawula kang rumangsa koncatan ing ratu gustiné, dimèn ora nuwuhaké kasamaraning kawula dasih kang ambabar rerusu h temah gawé kisruh, hanjalari pepetenging praja.

**SAMBA:**

Inggih ‘wa, amung pangèstu paduka ingkang tansah kula cacadhang sageda nyembuh katentremaning praja.

**SETYAKI:**

Kaka prabu, katentremaning praja badhé kula tohi mawi pecahing dhadha wutahing marus, labet kula sampun sagah dados cagak minangka tuwak, sampun ngantos rontok siraping keprabon ing Dwarawati.

**HUDAWA:**

Samanten ugi abdi paduka ing Kapatihan, sadhéngah ingkang badhé damel bibrah nuuhaken reresah labet badhé nggegabah sarta nyenyamah kawibawan ing Dwarawati, langkung rumiyin kedah hanglangkahi bangkénipun Patih Hudawa.

**BALADÉWA:**

Sokur lamun mangkono prasetyamu. Ya mangkono iku jiwaning sénapati kang tansah ngrungkepi kautaman.

**PRAGOTA:**

He hehe lha dalah ha ha ha ha, Aku yen ngrungokke prasetyane nayaka Dwarawati ki jan seneng aku, cetha wijang tur kandhas ing lahir lan batine. Beda karo negaraku, kakehan ngobral janji, ning ratahu ditetepi.

**PRABOWO:**

Ora mung kuwi malah saiki dha regejegan mung dha golek benere dhewe-dhewe.

**BALADEWA:**

He Pragota lan Prebawa, kowe yen kahanan kang apik ki ya aja mung kandhev ing pangalembana, nanging dibudidaya supaya bab mau uga bisa ditulat karo nayaka praja ing Mandura.

**PRAGOTA:**

Inggih sinuwun, mboten langkung sendika ngestokaken dhawuh.

**BALADEWA:**

Kulup ngger Samba....?

**SAMBA:**

Wonten dhawuh Wa AJI.

## **BALADEWA:**

Malah titi mangsa iki ingsun wis mireng tengara saka jro dhatulaya, pratandha yayi prabu wus samekta budhal. Kang mangkono, mangsa bodhoa Samba nggonmu nata para wadya kang bakal nguntabaké ratu gustiné tumeka jabaning kutha.

## **SAMBA:**

Inggih ‘wa sendika ngèstokaken dhawuh. ‘Wa patih Hudawa, tumuli dhawuhna para wadya kang sapérangan ndherekake tumeka jabaning kutha, ngiras pantes pajang pesisiran niti bawah, déné kang sagolongan rumeksa yuwananing praja. Kang mangkono mangsa bodhoa ‘wa.

## **HUDAWA:**

Prastawa dhawuh paduka boten kirang trewaca anggèn kula nampi, kalilana amit madal pasilan.

## **Keterangan:**

**Ada-ada Astakuswala Alit, laras slendro patet nem.  
Udawa dientas beberapa saat tampil lagi, dialog**